

#GrandUnderstandings

Mesaj nou pou GrandFamilies

Nou rekonèt ke elve ptit ptit ou oswa lòt fanmi ou ka mande anpil nan men ou. Asire w, w ap ba yo yon pi bon preznan ak avni. Nan Ohio Statewide Family Engagement Center (Sant Angajman Fanmi Ohio Statewide) - nou wè ou epi nou tandé ou. Nou vle sipòte w nan travay ansanm ak lekòl yo ak kominote a. Anba a ou pral jwenn kèk resous sou lekòl yo ak byennèt fanmi an-kreye avèk èd nan men granfanmi yo. Lè fanmi yo, lekòl yo ak kominote yo travay ansanm, timoun yo gen plis siksè nan aprantisaj ak nan lavi yo.



LEKÒL YO LA POU EDE

Si ou pa fè sa déjà, kontakte lekòl ptit ptit ou a pou kesyon ou yo. Lekòl yo ka ede ak sipò aprantisaj, konpòtman, sante mantal ak fizik, ak byennèt jeneral fanmi ou.

Konsidere kontakte youn nan manm pèsònèl sa yo pou plis enfòmasyon:

- pwofesè
- direktè lekòl la
- konseye lekòl la
- enfimyè lekòl la
- travayè sosyal lekòl la



GEN RESOUS POU OU

Anpil granparan ak fanmi jwenn li itil pou konekte ak lòt moun yo ak kominote a. Rantre nan yon gwoup lòt moun ki gen menm lavi se yon bon lide. Pou jwenn yon gwoup oswa lòt sipò pou ede fanmi ou sou wout la, konsidere resous Ohio sa yo. Klike sou chak youn oswa eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon.

OhioKAN



Kinship Caregivers
Connect



Ohio Granparan/Kowalisyon
fanmi



[go.osu.edu/
grandresources](http://go.osu.edu/grandresources)

OU PA POU KONT OU.

185,469

timounnan Ohio
ap viv avèk
granparan yo



Ohio Statewide
Family
Engagement
Center



THE OHIO STATE UNIVERSITY

CENTER ON EDUCATION AND
TRAINING FOR EMPLOYMENT